ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№19 (24.769) • 2025 гъэм мазаем (февралым) и 13, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущiапiэм къызэритамкiэ



# Къалащхьэр ирагъэфIакIуэ

**Республикэм и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным теухуауэ щытащ КъБР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэр. Абы хэтащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэн, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Журавлев Андрей, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз сымэ.**

КЪУЛЫКЪУЩIЭХЭР тепсэлъыхьащ «Инфраструктура для жизни» лъэпкъ проектыщIэм ипкъ иткIэ, жылагъуэ зэхуэсыпIэхэр зыхуей хуэгъэзэным.

Къапщтэмэ, Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым ягъэзэщIэну я мурад Iуэхушхуэр яублэнущ, ар гектарих хъууэ Налшык щаухуэну ТекIуэныгъэм и паркращ. Абы и лъэс лъагъуэ нэхъыщхьэу щытынущ ЛIыхъуэжьхэм яхухэхамрэ ЩIыхьым и жыг хадэ цIыкIумрэ. Къалэдэсхэмрэ Налшык щыхьэщIэхэмрэ зэрызыщагъэпсэхунум и мызакъуэу, а щIыпIэм деж щыт егъэджэныгъэ, спорт IуэхущIапIэхэм екIуу хэзэгъэнущ паркыр, къалэм и теплъэр иригъэфIэкIуэнущ.

ТекIуэныгъэм и паркыр гъэхьэзырыным иужь ихьэнущ мазаем и 23-м, ар фокIадэм яухыну хуагъэфащэ.

Зыхуей хуагъэзэ щIыпIэхэм ящыщщ Идарым и цIэр зезыхьэ уэрамри. Абы зы жэщ-махуэм ирикIуэ машинэм я бжыгъэр мин 30 мэхъу. Ар федеральнэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгущ, зэзыгъэпэщыжыр «Кавказ» гъуэгу управленэрщ.

ДяпэкIэ елэжьынущ гъуэгубгъум ирикIуэ лъэс лъагъуэм, «Уафэ къабзэ» программэм къызэригъэувым тету. ФокIадэм и 1-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я гугъэщ.

Идарым и цIэр зезыхьэ уэрамым къыщыщIэдзауэ Осетинскэм нэс ирикIуэ псыхъуэри зыхуей хуагъэзэнущ зэман гъунэгъум.

# ЦIыхушхуэ йокIуалIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей иригъэкIуэкIа видеоселектор зэIущIэм. Ар теухуауэ щытащ «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым и зыужьыныгъэм.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщыхагъэщащ кIуэ пэтми курортым щIэупщIэ иIэ зэрыхъур. Къапщтэмэ, щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм абы щыIащ цIыху мин 80. Ар 2024 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм нэхърэ процент 14,5-кIэ нэхъыбэщ. Бгым зэрыдэкI кIапсэ гъуэгухэр къагъэсэбэпащ цIыху мин 56-м щIигъум, махуэ щхьэхуэхэм Iуащхьэмахуэ и лъэрыжэ къэжыхьыпIэхэм щыIащ турист мини 7-м нэблагъэ. Бгы-лыжэ инфраструктурэм, турист Iуэху зехьэкIэм игъуэта зыужьыныгъэм куэдкIэ и фIыгъэщ зыгъэпсэхупIэм цIыхушхуэ къызэрекIуалIэр.

Гъэмахуэ лъэхъэнэми Iуащхьэмахуэ лъапэ цIыху куэд щыIэщ. Бгы лъэс лъагъуэхэм, гъуэгур зэрырагъэфIэкIуам, шхапIэхэм я Iуэхутхьэбзэхэм, щIыпIэ дахэхэм туристхэр хъарзынэу дехьэх. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я хьэщIагъэм, гуапагъэм ахэр кърешалIэ.

Урысейм и Правительствэм дунейпсо жыпхъэхэм иту илъэс псокIэ лажьэ курорт къызэрызэригъэпэщыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирегъэкIуэкI.

КъБР-м и Iэтащхьэм Назаров Сергей фIыщIэ хуищIащ УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ Кавказ.РФ.-мрэ ди республикэм гулъытэ къызэрыхуащIым, абы и экономикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ зэрырагъэкIуэкIым папщIэ.

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ



**2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 721-рэ кIэпIейкIи 4-рэ;**

**фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 658-рэ кIэпIейкIэ 36-рэ.**

Ди индексыр П5894

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэмрэ хэтахэмрэ, апхуэдэу хэкIуэда зауэлIхэм я фызабэхэм илъэс къэс ират ахъшэм и IуэхукIэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м къыдигъэкIа Указ №64-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэмрэ хэтахэмрэ, апхуэдэу хэкIуэда заулIхэм я фызабэхэм илъэс къэс ират ахъшэм и IуэхукIэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м къыдигъэкIа Указ №64-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, «сом мини 100» псалъэхэр «сом мин 200» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мазаем и 10-м*
*№7-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу языныкъуэ цIыхухэм илъэс къэс ират ахъшэм и IуэхукIэ» 2023 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м къыдигъэкIа Указ №41-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу языныкъуэ цIыхухэм илъэс къэс ират ахъшэм и IуэхукIэ» 2023 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м къыдигъэкIа Указ №41-УГ-м и 1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, япэ абзацым «сом мини 5» псалъэхэр «сом мини 10» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм мазаем и 10-м*
*№8-УГ*

# Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ

**«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ къэрал зэгухьэныгъэм зэрадэлэжьэнур зыубзыху советым и зэIущIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек НыбжьыщIэхэм я театрым щригъэкIуэкIащ. Абы къеблэгъащ «Пэрытхэм я зэщIэхъеенытъэ» къэрал зэгухьэныгъэм и унафэщI Орлов Артур. Iуэхум хэтащ КъБР-м и министрхэр, къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр. Ди Iэтащхьэм хьэщIэм фIыщIэ хуищIащ республикэм къыхуащI гулъытэм, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэмрэ хэлъэт зиIэхэмрэ гъуэгу етынымкIэ сэбэп зэрыхъум щхьэкIэ.**

- ЩIЭБЛЭР гъэсэным, ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ яхузэфIэкIынухэр гъэунэхуным, жылагъуэ Iуэхум дегъэхьэхыным гулъытэшхуэ щегъуэт республикэм. Абы тещIыхьауэщ КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэр къызэрыщызэдгъэпэщари. Иужьрей илъэс зыбжанэм къриубыдэу щIэблэм яхуэгъэза Iуэхугъуэ куэд зэтедублащ, республикэм щолажьэ щIалэгъуалэ IуэхущIапIэ зэпыщIахэр. Абыхэм ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм, зэпеуэхэм, проектхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. Апхуэдэщ «Большая перемена» зэпеуэри.

Республикэм аргуэру щIалэгъуалэ центрищ къыщызэIудох: Налшык къалэм, Май, Iуащхьэмахуэ щIыналъэхэм. Проектышхуэхэр къытпэщылъщ. Мы гъэм къызэIутхын хуейщ «Эльбрус» щIалэгъуалэ лагерыр. КъБР-м гъэзэщIа щыхъу щIалэгъуалэ Iуэхухэм папщIэ фIыщIэ хуэфащэщ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм. Абы и къудамэ 294-рэ щыIэщ республикэм и щIыналъэхэм. И сайтым кIэлъоплъ цIыху мин 55-м щIигъу. Зэгухьэныгъэм интернетым щиIэ сайтым платформэ щхьэхуэ хэтщ сабий, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм яхухэхауэ. Зэгухьэныгъэр зэлэжь проект нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» фIэщыгъэр зиIэр. Ар къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэми щапхъэ яхуэхъуащ. Проектым куэду хэтщ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм я бынхэр. Ар сэбэп мэхъу СВО-м хэтхэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъунымкIи. Псори дызэрыщыгъуазэщи, мы гъэм илъэс 80 ирокъу Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ. Ди къэралым и Президент Путин Владимир и унафэкIэ мы гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу ягъэуващ. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм хэлэжьыхь щIалэгъуалэр жыджэру хэтынущ ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм. ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэным ехьэлIа къалэнхэм хеубыдэ тхыдэм и пэжыр ягурыгъэIуэнри. Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къыщызыхьар совет сэлэтхэрщ, ди дзэрщ. Ди ныбжьыщIэхэр щыгъэгъуэзэн хуейщ фашизмэм и лъабжьэр щIэзуда ди цIыхухэм я лIыхъужьыгъэм.

Ноби ди къэралым и щIыхьыр яхъумэ щIалэ хахуэхэм. ЩIэблэм я къэкIуэну дахэрщ ахэр зыщIэбэныр. Быдэу ди фIэщ мэхъу, дыполлъэ текIуэныгъэр къахьауэ я унагъуэхэм екIуэлIэжыну, - жиIащ КIуэкIуэм.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и проект щхьэхуэхэм, нэхъыбэу гулъытэ зыхуащIхэм теухуауэ къэпсэлъащ Орлов Артур.

- ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуэунэтIа проектышхуэхэм ящыщщ «Дэ Урысейм дрицIыхущ» урысейпсо программэр. Ар сэбэпщ балигъыпIэ иувэ ныбжьыщIэхэм къэрал дэфтэр нэхъыщхьэр - паспортыр - зэрыратыр гукъинэж ящыхъунымкIэ. НыбжьыщIэхэм дэфтэр нэхъыщхьэр иратыж къэрал лэжьакIуэхэм, къулыкъущIэхэм. Си гугъэщ ар гукъинэ ящыхъуу, - жиIащ абы. КъытеувыIащ «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» Iуэхуми.

Орловым къыхигъэщащ «Пэрытхэм я зэщIэхъеенытъэ» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм кIуэ пэтми зиужьу зэрылажьэр. Ар федеральнэ программэхэм хэтын папщIэ чэнджэщхэри яритащ.

«Пэрытхэм я зэщIэхъеенытъэм» и щIыналъэ къудамэм и лэжьыгъэр кIуэтэнымкIэ къэралыр, республикэр сэбэп зэрыхъум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Лу Азэмэт**. Министрым Орлов Артур фIыщIэ хуищIащ республикэм и ныбжьыщIэ пэрытхэм зэраIущIам, абыхэм я упщIэхэм я жэуап захригъэхыну гупыж зэрищIам папщIэ. Къыхигъэщащ федеральнэ проектхэм зэрыхэтым нэмыщI, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэри къызэрызэрагъэпэщыр. ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэхэм, «Эльбрус» корпоратив университетым зэгухьэныгъэр зэрадэлажьэми и гугъу ищIащ.

- Республикэм и Iэтащхьэм къыддиIыгъыу дэ къызэдгъэпэщащ щIэблэр гъэсэнымкIэ щхьэпэну Iуэхухэр. Ар ехьэлIащ спортым, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, жылагъуэ, лъэпкъ Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми. Ахэр IэмалыфI мэхъу щIалэгъуалэм щхьэж и лъагъуэ къигъуэтыжынымкIэ, и зэфIэкIхэр игъэунэхужынымкIэ, - жиIащ министрым.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Шыпш Аслъэн** тепсэлъыхьащ зыхунэсахэмрэ я мурадхэмрэ, гулъытэ зыхуащI Iуэхугъуэхэм.

- «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкI Iуэхуу хъуам егъэлеяуэ мыхьэнэшхуэ яIэщ, сыту жыпIэмэ, ар ехьэлIащ ди щIэблэм - къэкIуэнум! Къызэдгъэпэщ Iуэхугъуэхэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ «Зарница 2.02» дзэ-хэкупсэ джэгукIэр. 2025 гъэм а проектым теухуауэ дгъэзэщIэну дгъэбелджылахэр куэд мэхъу. Мыхьэнэшхуэ иIэщ «Первая помощь» зыфIэтща лэжьыгъэм. Абы ныбжьыщIэхэм ягурегъаIуэ узыншагъэм укIэлъыплъыным и мыхьэнэр. Илъэс етIуанэ хъуауэ абы ипкъ иту едгъэкIуэкI зэпеуэм текIуэныгъэ къыщахь Прохладнэ къалэм дэт еплIанэ курыт еджапIэм и гъэсэнхэм. Нэгъабэ а Iуэхум хэтащ цIыху мини 3-м щIигъу, мы гъэм абы нэхъыбэж къызэщIедгъэубыдэнущ. 2024 гъэм «Первая помощь» щIыналъэ чемпионатыр фэеплъ хуэтщIащ СВО-м хэкIуэда, «Пэрытхэм я зэщIэхъеенытъэм» хэт ныбжьыщIэм и адэ Ульянов Михаил.





Илъэсыр зэрыщIидзэрэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр едгъэкIуэкIащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, зауэм и бынхэм, гъэрыпIэм щыкIуэдахэм ятеухуауэ. Зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм, зи узыншагъэм къимыхь нэхъыжьхэм ди пэрыт жанхэр ядэIэпыкъунущ унагъуэ IуэхухэмкIэ, хадэ лэжьыгъэхэмкIэ. КъБР-м и МВД-м, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм, республикэм ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм я зэдэлэжьэныгъэм кърикIуащ «Фи бынхэр унэм щIэс?» рейдыр. Ар «Хабзэм тет республикэ» Iуэхум тещIыхьауэ екIуэкIащ, - жиIащ Шыпш Аслъэн.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм хэтхэр зыгъэпIейтей упщIэхэмкIэ зыхуагъэзащ урысейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщIым, апхуэдэуи езы ныбжьыщIэхэр зэлэжь проектхэм, дэзыхьэххэм, къайхъулIэхэм тепсэлъыхьащ. ЗэIущIэм щагъэбелджылащ щIэблэр гъэсэнымкIэ щхьэпэну къалъытэ нэгъуэщI Iуэхухэри.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### Къэралыгъуэм и лъэхъэнэщIэ

АБХЪАЗ. ***Президентым и кандидат Гунбэ Бадрэ хэхыныгъэхэм зэрызыхуагъэхьэзырым теухуауэ Абхъаз телевиденэмкIэ цIыхухэм захуигъэзащ.***

«ПЩIЭ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ, фIыуэ тлъагъу ди Абхъазым и цIыхухэ! Шэч хэмылъу дэ нобэ дыхохьэ ди къэралыгъуэм и зыужьыныгъэм и лъэхъэнэщIэм. Абы къыхэкIыу фэ къыхэфх гъуэгурщ ди къэралыр зэрыкIуэнур. Хэхыныгъэхэм дащыхуэкIуэм дэ хэIущIыIу тщIауэ щытащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, ди къэралыр, ди бзэр, ди лъэпкъыр хъумэным теухуауэ диIэ мурадхэр. А Iуэху псори, зэрыгурыIуэгъуэщи, мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Дуней щытыкIэр щыгугъу зэманым дэ дгъэлъэщынущ къыткъуэт къару нэхъыщхьэм икIи ди лэжьэгъум - Урысей Федерацэм - худиIэ пыщIэныгъэхэр. Дэ гулъытэ нэхъыбэ хуэтщIынущ ди къэралым и зэпIэзэрытыныгъэр гъэбыдэным, абы зегъэужьыным. Сыныволъэlу мазаем и 15-м фыкъакIуэу фэ нэхъ зыхуэфащэу къэфлъытэм папщIэ Iэ фIэтыну!» - жиIащ Гунбэ Бадрэ.

### Зи чэзу дэIэпыкъуныгъэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и щыхьэрым и ветеранхэм я къалэ советым хэтхэм Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу зи чэзу псапащIэ Iуэху ялэжьащ икIи зэхуахьэсахэр Мейкъуапэ и дзэ уIэгъэщым хурагъэшащ.***

ДЗЭ къулыкъур езыхьэкIхэмрэ медицинэ лэжьакIуэхэмрэ яIэрыхьащ бытовой техникэщIэхэр. ДэIэпыкъуныгъэм текIуэдэну мылъкур зэхуахьэсащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Андырхъуей Хъусен Борэжь и къуэм и цIэр зезыхьэ «Победа» фондыр ящIыгъуу.

Къалащхьэм и администрацэм зэрыщыжаIамкIэ, зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм нэхъапэми апхуэдэ зыхуэныкъуэхэр мызэ-мытIэу яхузэхуахьэсри, Iэрагъэхьащ мы уIэгъэщым и мызакъуэу дзэ Iуэху хэхам хэтхэми.

### Адыгэ щIалэхэм я ехъулIэныгъэшхуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Иджыблагъэ Босниемрэ Герцеговинэмрэ я Сараевэ къалэм щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 21-м нэмыса спортсменхэр Европэм и Кубокыр дзюдомкIэ къэхьыным щыщIэбэна зэхьэзэхуэхэр. МахуитIкIэ екIуэкIа зэпеуэхэм хэтащ къэрал 22-м икIа спортсмен 376-рэ. Урысейм и лIыкIуэхэу абы хэта спортсмен 51-м ящыщт КъШР-м икIари.***

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 60 иримыкъухэм я деж щытекIуащ Гугу Анзор. Ар ефIэкIащ къыпэщIэта щIалитхуми икIи Европэм и Кубокыр къихьащ.

Хуэмыхуакъым Анзор и гъусэу Урысейм и гуп къыхэхам хэта адрейхэри. IэщIагъэлIхэм къалъытэ ахэр, и чэзур къэсмэ, къэралым и балигъ гупым хэбгъэхьэ хъуну узыщыгугъынхэу зэрыщытыр.

Къыхэдгъэщынщи, чемпионыр ягъасэ Уэхъутэ Азэмэтрэ КIыщмахуэ Русланрэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Топгъауэт Гъумар

**Джэрмэншык щыщ Тэхъу Гъумар Хэку зауэшхуэм и пэм къыщыщIэдзауэ иухыху хэтащ. Абы и лIыхъужьыгъэм и хъыбарыр къытхуетх Джэрмэншык щызэхэт ветеран организацэм и советым и тхьэмадэ ЛIуп Нурхьэлий.**



ДЖЭРМЭНШЫК щызэгухьа колхозым нэхъ жыджэр дыдэу хэтахэм ящыщщ Гъумар. Аращ республикэм Iэщ гъэхъуным ехьэлIауэ стаханов зэщIэхъееныгъэр зи жэрдэмкIэ зэхаублауэ щытар. А IэнатIэм абы щиIэ ехъулIэныгъэхэм и хьэтыркIэ, Москва союзпсо мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэм 1939 гъэм хэтат ар.

Нэмыцэхэм къыдащIылIа зауэм и хъыбарыр Гъумар гъэмахуэ хъупIэхэм щызэхихат. Хэкур зыхъумэнухэм яхэтын хуейуэ къилъытэри, ар езым и лъэIукIэ фронтым кIуащ. Зауэм и мафIэм Сталинград и деж щыхыхьащ 78-нэ топгъауэ полкым хэту.

Гъумар жиIэжрейт топгъауэ гупым сэлэт хъыжьэхэр зэрыхэтар, командир хахуэ куэдым зэрыдэзэуар. Нэмыцэхэм зэхэуэ гуащIэ кърацIылIат 1942 гъэм и фокIадэм, Сталинград километр 12 фIэкIа пэмыжыжьэ щIыпIэм деж. А зэхэуэ гуащIэр, абы хэкIуэда и ныбжьэгъухэр Гъумар куэдрэ игу къигъэкIыжырт.

Фельдмаршал Паулюс и дзэр къаувыхьу гъэр зыщIахэм Гъумари яхэтащ.

Псом хуэмыдэу Тэхъум хахуагъэ къыщигъэлъэгъуащ 1943 гъэм щIышылэм и 22-м Стародубкэ къуажэм и Iэшэлъашэхэм щызэхэта зэхэуэм. Езыми удын хьэлъэ къылъысащ - и лъакъуэр зэпаудат. Дохутырхэм пыхын хуейуэ къыщыжраIэм, лIыхъужьым идакъым: «Сэ си Хэкур схъумэн хуейщ», - жиIэри. Сэлэтым и Iэпкълъэпкъыр удын хьэлъэм пэлъэщри, зауэм игъэзэжащ. Япэ Украин фронтым ягъэкIуащ. Абы хэтурэ 1944 гъэм мэкъуауэгъуэм Гъумар етIуанэу уIэгъэ хъуащ. Аргуэру сэлэт хахуэр хъужа нэужь, зауэм Iухьэжащ.

Невский Александр и орденыр зезыхьэ, етIуанэ топгъауэ полкым хэту, бийм и быдапIэ Вислэ деж щыIэр пхратхъащ, Сандомир плацдармыр яхъумащ, Силезие Ипщэм щыIэ Катовице къалэр Опавэ, Оламауц, Опельн, нэгъуэщI къалэхэри къащтащ.

Гъумар и дежкIэ накъыгъэм и 9-м зауэр зэфIэкIакъым. Ар Прагэ къалэр фашистхэм къаIэщIэгъэкIыжыным хэтащ. Старшина Тэхъур Чехословакиер хуит къэзыщIыжахэм ятеухуауэ абы и къалащхьэм щекIуэкIа зауэлIхэм я парадым щыIащ.

Тэхъу Гъумар къыщалъхуа Джэрмэншык къуажэм къыщигъэзэжар 1945 гъэм и фокIадэрщ. Махуэл имыщIу, сэлэт-лIыхъужьыр яхыхьащ нэмыцэхэм зэтракъута, забгралъэфа къуажэр зэфIэзыгъэувэжахэм. Лъы щIигъэжа колхоз губгъуэхэм мэкъумэш щищIэу щIидзэжащ.

Ар къуажэ Советым и тхьэмадэу хахащ икIи абы зыкъомрэ щылэжьауэ, зыпэрыкIауэ щыта IэнатIэм, Iэщ гъэхъуным пэрыувэжащ гъэш фермэм и унафэщIу, мэкъумылэр зыгъэхьэзыр бригадэм и тхьэмадэ ящIащ. Дэнэ ягъэкIуами, «Гъумар фыдэплъей», - жригъэIэу лэжьащ ар.

1988 гъэм Сталинград зэхэуэшхуэр зэрыщыIэрэ илъэс 45-рэ зэрырикъур щагъэлъапIэм ираджэри, гуфIэгъуэ зэIущIэм хэтащ. Зауэм хэта 799-рэ зыщIэс а пэшышхуэм Гъумар къыщеджэрт Джэрмэншык колхоз правленэм, парткомым, профкомым, ВЛКСМ-м и комитетым лIыхъужьхэм хуагъэхьа письмом. Залым щIэсхэр ину Iэгу еуахэщ.

Тэхъум къыхуагъэфэщауэ щытащ «Хэку зауэшхуэ» езанэ нагъыщэ, «ЩIыхь» ещанэ нагъыщэ орденхэр, медаль зыбжанэ.

Тэхъу Гъумар «Джэрмэншык къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэр 1987 гъэм фIащат, къуажэм и ветеран организацэм и лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэлэжьыхьым, щIэблэр гъэсэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъум папщIэ.

ЗауэлI хахуэр, цIыху щыпкъэр 2000 гъэм дунейм ехыжащ, ауэ а лIы хъарзынэр ноби джэрмэншыкдэсхэм я гум ихуркъым.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

ТЕКIУЭНЫГЪЭ

80

# Илъэсищэр зи ныбжь

**Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим, абы и къуэдзэ Бэч Альберт, Дыгулыбгъуей къуажэ администрацэм и унафэщI Ахъий Ахьмэд сымэ илъэси 100 ирикъуа бзылъхугъэ нэхъыжьыфI Къаныкъуэ Муслъимэт ехъуэхъуащ. Бзылъхугъэм иратыжащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ я хъуэхъу телеграммэхэр, Мамхэгъ Хьэчим къыбгъэдэкI тыгъэр. Муслъимэт хуеблэгъа хьэщIэхэр ехъуэхъуащ узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ иIэну.**



КЪАНЫКЪУЭ Муслъимэт 1925 гъэм щIышылэм и 10-м Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. ДэлъхуитIрэ шыпхъуитIрэ иIэти, къуажэдэс сабийхэм сабиигъуэ IэфIи яIащ.

Муслъимэт куэдрэ къыхуагъэфэщащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. 1975 гъэм бзылъхугъэм социалист зэпеуэхэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ щIыхь тхылъ къратащ. Ар лэжьыгъэм и ветеранщ. Абы хуэсакъыу ехъумэ 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьам теухуауэ къырата «Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм игъэлъэгъуа гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ», апхуэдэуи ТекIуэныгъэ Иным и щIыхькIэ илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм къратa медалхэр, ди къэралым и Президент Путин Владимир и хъуэхъу телеграммэхэр.

- Нэмыцэхэм дызэтракъутат. Махуищкіэ ди джийм шхын щемыха къытхуихуащ. Зэгуэрым зэрыпхъуакIуэхэм защытхъумэу дызэрыс щIыунэм дыкъыщIэкIат си шыпхъумрэ сэрэ - псы щхьэкIэ дылIэрт... Ди хъуреягъыр къэтплъыхьащ, зыри тлъэгъуакъым, фоч уэ макъи къэIу хуэдэтэкъым... АрщхьэкIэ, ди гупэмкIэ къакIуэрт зы нэмыцэ сэлэт. Дыкъилъагъури къыдэджащ. Дауэ дыбгъэдыхьэнт, зэшэзэпIэу диукIынкIэ дышынэрт... Сытыт тщIэнур? Ди щIыбым кIэрахъуэр къриубыдэри, и шыгум дыбгъэдихуащ. ДригъэтIысхьауэ дешэ, дышынауэ докIэзыз... Бахъсэн псым дызэпрыкIын къудейуэ, зы шу дыхуэзащ. Абы шыгухур къигъэувыIэри, дыздишэм щIэупщIащ. Фашистым жиIэхэр гурыIуэгъуэтэкъым, ауэ шум дыкъригъэлыну яужь зэритар къыдгурыIуащ - дызэрысабийр, диутIыпщын зэрыхуейр жриIэрт. Сытми дыкъыIэщIигъэкIащ. Апхуэдэу, а лIым дыкъригъэлауэ щытащ ажалым. Нэмыцэм псым дызэпришу диукIыну арат, - игу къегъэкIыж Муслъимэт зауэ зэманым и нэгу щIэкIар.

Къаныкъуэ Муслъимэт унагъуэ хъури, бынищ игъуэтащ - хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ. Илъэсибл дэкIри, и щхьэгъусэр фашистхэм зэтракъута къэралыр зэфIэзыгъэувэжыну къызэрагъэпэща гупым хагъэхьащ. Абы щыIэуи щIыIэ уз игъуэтри, къелакъым.

Муслъимэт и бгыр щIикъузэри, и бынхэр ипIащ, зыхуей хуигъэзащ. ЛIэщIыгъуэ никъуэкIэ щылэжьащ Къызбрун чырбыш щагъэж заводым. И лэжьэгъуэ зэманыр иуха нэужь, хъупIэм кIуэрти, жэм къишырт, унэм кIуэжа нэужьи, унагъуэ Iуэху хьэлъэхэр зэфIигъэкIырт.

И бынхэр игъэсащ цIыхугъэ яхэлъу, пщIэ яIэу. Езыри я гулъытэ щымыщIэу псэуащ.

2021 гъэм аргуэру гуауэ къатепсыхащ унагъуэм. Мазих фIэкI я мызэхуакуу Муслъимэт и пхъурэ и къуэмрэ щIилъхьэжащ. Риммэ ковид узыфэм къелакъым, Суфьян пIалъэ кIыхькIэ сымэджауэ дунейм ехыжащ.

Къаныкъуэ Муслъимэт и нысэм, и къуэрылъхум и унагъуэм ящIыгъуу мэпсэу. ФIыуэ илъагъухэм къаухъуреихь, и гур фIы хуащI, ипхъу нэхъыщIэ Рае къащыхуэкIуэм деж нэхъри и гуфIэгъуэм зеIэт. Бзылъхугъэр мэгуфIэ и унагъуэм щытепсэлъыхьым деж, фIыщIэ ещI и псэм къыдэщIхэм къызэраухъуреихьым папщIэ. Къуэрылъху-пхъурылъху 12, абыхэм я быныжу 35-рэ иужьрейм къащIэхъуэжа цIыкIуи 4-рэ иIэщ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# И щIалэгъуэу ирихьэлIат

**Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм къэралыр псэзэпылъхьэпIэ щихуэм, ди цIыхухэр зэщIэтаджэри, бий ерум зылI и быну пэщIэуващ. Нэмыцэ-фашистхэм къэмылэнджэжу а зэманым езэуахэм ящыщщ Алътуд къуажэм дэса нэхъыжьыфI Нэгъуей Хьэчим НэIиб и къуэр.**

ЖЫЛЭМ дэт курыт еджапIэм еянэ классыр 1939 гъэм къыщеухри, ар щIотIысхьэ Налшык а лъэхъэнэм дэта мэкъумэш техникумым, пхъащIэ IэщIагъэр щызэригъэгъуэтыну. Комсомолым щыхыхьари абдежырщ.

Хьэчим жэрдэм узыншэхэр къыбгъэдэкIырт, Iуэху щхьэпэхэм я зэхэублакIуэт. Ещанэ курсым ар нэсауэ, Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. И ныбжьыр илъэс 20 щрикъум, Хьэчим, зыщIэтIысхьа еджапIэр къимыухауэ, щIалэ дыдэрэ щхьэгъуси къимышауэ, 1942 гъэм дзэм дашащ.

### Зауэм зэрыIухьа щIыкIэр

НЭГЪУЕЙР япэщIыкIэ, адрейхэм я гъусэу, зауэ хуэIухуэщIэхэм хуагъэхьэзыр, мащIэу хурагъаджэ. Сэлэтхэр махуэ къэс мэз лъапэм щагъасэрт, топ гъэуэкIэм, зауэм и Iэмалхэм, и щэхухэм хагъэгъуазэрт. Хьэчим и ныбжьэгъухэм закъыкIэригъэхуртэкъым, нэхъ пашэхэм щапхъэ ятрихырт, и командирхэм я щытхъу къихьырт, и зэфIэкIыым хигъахъуэ зэпытт. Иужьым, псэзэпылъхьэпIэ щихуа сыхьэтхэм, а псори къыхуэщхьэпэжащ.

Алътуд къуажэм къыщыхъуа щIалэщIэр, сержант къыфIащри, лъэсыдзэ полкым ягъакIуэ. Абы здыхэтым, Хьэчим жэуаплыныгъэ зыпылъ пщэрылъхэр къыщащIырт, и командирхэм я дзыхь кърагъэзырт, езыми и пщIэр иIыгъыжт.

Къыхэбгъэщ зэрыхъунумкIи, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа ди щIалэхэр къэралым и щIыпIэ куэдым щызэуащ. Абыхэм я адэ-анэхэм, Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм къыхуатхырт текIуэныгъэр къахьу я щIыналъэм къызэрагъэзэжынур, я псэм дыхьэ лэжьыгъэм зэрыпэрыувэжынур. Хьэчими къитх тхыгъэ мащIэхэм щыжиIэрт зэрыпхъуакIуэхэм ерыщу зэрапэщIэтыр, зыхэт частым и зауэлIхэр зэрызэкъуэтыр, бийр зытрамыгъэкIуэн папщIэ яхузэфIэкI къызэрамыгъанэр.

- Дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, ди адэр 8-нэ ударнэ армэм и 47-нэ мотострелковэ дивизэм хыхьэ дзэлI гупхэм ящыщ зым (отделенэм) и Iэтащхьэу ягъэуват икIи, зэхэуэ гуащIэхэм щызэрихьа лIыгъэм къыпэкIуэу Вагъуэ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщат, - жеIэ мы тхыгъэм зи гугъу щытщIхэм я нэхъыбэм щыгъуазэ дахуэзыщIа, Нэгъуей Хьэчим ипхъу нэхъыжь Нэфисэт.

### Зэшыпхъухэм къызэраIуэтэжамкIэ

- НЭФИСЭТ, апхуэдиз зэман дэкIауэ, мы Iуэхум: фи адэм зэIухауэ и гугъу тщIыным, и цIэр утыку къитхьэным сытым къыхэпхыу утегушхуа? - доупщI дэ абы.

- Интернетым сыкъыщеджат, Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызезыхьахэм ехьэлIа дэфтэрхэр щызэхуахьэсыжын, щагъэлъэгъуэн, щахъумэн мурадкIэ Москва «Унэ» зыфIаща екIуэлIапIэ гуэр къызэрыщызэIуахам теухуауэ. А хъыбарым щыгъуазэ сыщыхуэхъум, зэуэ сигу къэкIащ: «Ди адэми лIыхъужьыгъэ зэрызэрихьар щытщIэкIэ, а Iуэхум ехьэлIауэ щыIэнкIэ хъуну дэфтэрхэм сытым щхьэкIэ дымылъыхъуэрэ?» - жысIэри. Яужь сихьэри, ди къэралым Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм щылажьэхэм къысхуахутащ ди адэр уIэгъэ щыхъуауэ щыта фронтыр зыхуэдэри, сымаджэщым къыщыщIатхыкIыжари, - жеIэ Нэфисэт.

- Нэгъуей Хьэчим унагъуэ щызэригъэпэщар зауэ нэужьыр ара?

- АтIэ. Ди адэм быних дыриIащ. Дэлъхумрэ зы шыпхъумрэ дунейм ехыжащ. Сэ, псоми я нэхъыжьыр, зауэ нэужьым илъэси 9 дэкIауэщ дунейм сыкъыщытехьар. Япэ зэшыпхъуитIыр унагъуэ дихьа иужькIэ, ещанэр, Тамарэ, ди адэм нэхъ бгъэдэсу къекIуэкIати, зауэм щилъэгъуахэм теухуауэ абы нэхъыби зэхихат. Тамарэ къызэриIуэтэжымкIэ, ди адэр, игу къызэфIэнэурэ, куэдрэ тепсэлъыхьыжырт мы иджыпсту къыжысIэжынухэм:

«НапIэзыпIэу бийр къызэрыттеуам дэ дыхуэхьэзыртэкъым. Фашистхэм хьэуами щIылъэми дащыпэмылъэщ щыIащ. Нэмыцэхэр я бжыгъэкIи техникэкIи нэхъыбэт. Дыпэмыплъауэ къызэрыкъуэхщ, уафэмкIэ кърадзыха лагъымхэмкIэ дызэхакъутэри, дыкъаухъуреихьат. Танк куэд зыщIыгъу лъэсыдзэу зы дивизэ псо а щIыпIэм кърашэлIат. Топхэр, минэдзхэр зэпымыууэ къытхэуэрт, кхъухьлъатэхэм бэуапIэ къыдатыртэкъым. Нэмыцэхэр гъунэгъуIуэщи, шэр нартыху пIэнкIым хуэдэу къыттолъалъэ. Бийм хэщIыныгъэшхуэ еттами, зэрынэхъыбэм къыхэкIыу, дапэлъэщакъым...

Зауэр хьэлъэ Iейуэ щекIуэкIым, зэрызытхъумэжын щIагъуи къытIэщIэмынэжауэ, щIытIым зыщызыудыгъуа цIыху зытхухым Iэщэу тIыгъхэм шэ зырыз къинэжати, ди унафэщIхэм ящыщ зым «фи щхьэм хуэфхъумэж» къыджиIауэ щытащ, апхуэдизу псэзэпылъхьэпIэт дызэрыхуа щытыкIэри. Абдежым, дызэрыс мащэм, куэд дэмыкIыу, кхъухьлъатэ къыщхьэщылъатэщ, лагъымхэр къытхидзэу щIидзэри, тщыщ куэд хиукIыкIащ. А махуэр хуабжьу гуихт икIи гухэщIт.

Абы иужькIэ, куэд дэмыкIыу, мо зэбградзахэм танкхэр къытщхьэщыхьэжри, исахэр къикIащ. Къыдбгъэдыхьэри, уIэгъэ хьэлъэ хъуахэм ящыщу нэхъ къыхэщэIукIхэм шэр трагъэлъалъэу хуежьащ. Сэ сыщыукIуриям деж бийм и сэлэтищ къэкIуатэри, зи псэ еджэу къызбгъэдэлъхэр зы къэмынэу яукIащ. Фи фIэщ зэрыхъун, апхуэдизу сыкъэгузэвати, къысщына шинелым и зы кIапэр си жьэм быдэу жьэдэзубыдат, макъ гуэри къызэрызмыгъэIуным сыхущIэкъуу. Си лъакъуэрат лъыкI-псыкIыу удын хьэлъэ зытехуари, къытщхьэщыхьахэм ящыщ зыр къытеувэри, и къару къызэрихькIэ хиIуэнтIыхьу хуежьащ. Дакъикъэ зы-тIущым къриубыдэу щэплIэ къыскIуэцIытIыхьами арагъэнт ар, ауэ, а тIэкIум апхуэдизу си гумрэ си лымрэ игъэузати, медан бжыгъэр илъэс хьэзабу къысщигъэхъуат, игъащIэкIи сщымыгъупщэжыну».

Зэшыпхъухэм къаIуэтэжа хъыбарым адэкIэ къызэрыхэщымкIэ, Нэгъуей Хьэчим зэуапIэ къыздинам нэмыцэхэр хэкIыжа иужь, совет армэм и санитар бзылъхугъэхэр кIуэри, зи псэ Iуту къыщызэтенахэр губгъуэм кърахащ, сымаджэщым икIэщIыпIэкIэ зэрынагъэсыну. ИкIи, къыкъуахыжа дэфтэрхэм зэритамкIэ, удын хьэлъэ зытехуа Нэгъуей Хьэчим ди къэралым и гъущI гъуэгухэм ящыщу Калинин и цIэр зезыхьэм тет Фировэ станцым деж мафIэгум щаIэтри, дзэлIхэм щеIэзэ сымаджэщым нашэсащ.

Абдежым лIыхъужьым куэдрэ къыщеIэза иужькIэ, «Хэку зауэшхуэм 2-нэ гупым къитIасэ фэбжь (ныкъуэдыкъуагъэ) къызэрыхихамкIэ» мыхъур зытегъэуа тхылъ къыIэщIалъхьэри, и унэ къаутIыпщыжащ.

### Дзэм и къыхэкIыжыкIэ хъуар



- ДИ адэ Нэгъуей Хьэчим 1943 гъэм, иджыри щIалэ дыдэу, ныкъуэдыкъуэ зэрыхъуам, абы иужькIэ дзэм къыхагъэкIыжу къуажэм къызэрырагъэгъэзэжам теухуауэ къэзулъэпхъэщыжахэм си шыпхъухэри щыгъуазэ яхуэсщIащ, дэфтэрыр ди къуажэ военкоматым и архивми хэзгъэлъхьащ, сызыдэс Прохладнэ къалэм щыдиIэ музейми щIезгъэлъхьащ, - къыпещэ адэкIэ Нэфисэт и псалъэм. - Я гуэныхь сыхуейкъым, къыщыщIам теухуауэ, ди адэр гъэ къэси мыдэкIэ къуажэу къыздигъэзэжам щагъэлъэпIащ, и пенсэхэри кърататащ, дохутырхэри, зэпыу ямыIэу, къыкIэлъыплъащ. АрщхьэкIэ, Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхъун ипэ къыхуагъэфэщауэ щыта тыгъэ лъапIэхэр къыхуаутIыпщыжатэкъыми, ар и щхьэжагъуэу куэдрэ екIуэкIащ. НэгъуэщIу жытIэмэ, зауэм зэрыхэтам ехьэлIа адрей и дэфтэрхэр зэрызэкIэлъамыгъакIуэр хуабжьу и гум къеIэрт. «СиIащ!» жыпIэкIи, зыри ищIыстэкъым цIыхум я дежкIэ. Тхылъыр уи Iэрымылъхьэмэ, кърaтын хуея орденри къыIэрымыхьэжамэ... Абы щхьэкIэ зэгуэпу лIыжьыр псэуащ. ЖыпIэнур арамэ, и Iуэхур къаIэтыжыным ди адэр куэдрэ пэплъащ...

Нэфисэт щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, Нэгъуей Хьэчим дзэм къыхэкIыжа иужь, Зыхъумэжыныгъэмкіэ министерствэм къыбгъэдэкIыу кърататащ «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалыр, «ЩIыхьым и орден I-нэ нагъыщэ зиIэр», «Хэку Зауэшхуэ орден 2-нэ нагъыщэ зиIэр», нэгъуэщI тыгъэ лъапIэхэри, дэтхэнэми я номерхэр зэрыт тхылъхэри ядэщIыгъужу.

### Мамыр гъащIэм

КЪЫЗЭРЫХЭДГЪЭЩАЩИ, Нэгъуей Хьэчим, къытехуа удын хьэлъэм къыхэкIыу, 1943 гъэм дзэм къыхагъэкIыжа иужь, къыщыхъуа Алътуд къуажэм къегъэзэж. ИкIи, бийм зэтрикъута колхозыр зэфIэзыгъэувэжыну еувэлIахэм яхохьэ.

Зауэ нэужь лъэхъэнэр гъаблэу, цIыхухэм яшхын ямыгъуэту кекIуэкIащ. АрщхьэкIэ, и гум дыхьэу, и псэм фIэфIу зэгуэр къыхиха IэщIагъэм цIыхур егъэин, егъэлъапIэ. Нэфисэт зэрыжиIэжымкIэ, Нэгъуей Хьэчим пхъащIэ IэщIагъэм хуэIэижьти, къуажэдэсхэри езы колхозри а лъэхъэнэм нэхъ зыхуэныкъуа Iэмэпсымэхэр ищIыфырт, къутахэр зэригъэпэщыжыфырт.

Зи IуэхущIафэкIэ щытхъу къэзылэжьхэм пщIэ лей къалъыхъуэркъым. Мис абыхэм ящыщт хьэл-щэн дахэ зыхэлъа, Iэдэбу дунейм тета Нэгъуей Хьэчим. Ар апхуэдизкIэ гугъуехьым ипсыхьати, лэжьыгъэми къыпикIуэтынутэкъым, тыншыпIи къилъыхъуэнутэкъым, къыдэлажьэхэм, къуажэдэсхэм ящыщу зыкъыхуэзыгъазэхэм, зэрыхузэфIэкIкIэ, защIигъэкъуэну хьэзырт. Езыр сыт и лъэныкъуэкIи цIыхуфIт, хьэлэлти, зыгуэр къыхуэныкъуэ хъуамэ, я деж дишэнут, щигъэхьэщIэнут.

- Зэрыжыс1ащи, бынихми я нэхъыжьыр сэрати, Iейрэ фIырэ схузэхэхыу, тIэкIу сыкъызэрыжэпхъэрэ, ди адэр здэщысхэм деж сыщетIысэхырти, гугъу ехьу и лъакъуэхэр зэрызэригъэзахуэм, зэрызэрихъуэкIым, абыхэм зэрелIалIэм щэхуу сыкIэлъыплъырт. ИкIи, гу зэрылъыстауэ, и куэ ижьым деж, сантиметр 20 - 25-рэ хуэдиз зи кIыхьагъын, сантиметри 10 зи бгъуагъын и Iэгъуэблагъэм, лы зыри телъыжтэкъым. Ар слъагъуху къэси, си гур хуабжьу щIэузырт, си нэпсхэми къызэпажыхьырт.

Апхуэдэу ар псэуащ, колхозми хэтащ, цIыхухэми ядэпыкъуащ. ЖыпIэнур арамэ, ди адэм хуэдэу IэкIуэлъакIуэу чий зыхуф, чейм ехьэлIапхъэхэр хэзыбзыкIыф, гудзи, уеблэмэ, гум щIалъхьэ шэрхъи зыщIыф ди къуажэ псом дэсакъым, жысIэмэ, сыщыуэну къыщIэкIынукъым. Колхозым нэгъуэщI IуэхухэмкIи зэрыдэIэпыкъуам къинэмыщIауэ, ар а лъэхъэнэм ди жылэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта пионер лагерым и унафэщIуи лэжьащ, къыдекIуэкIахэм фIыуэ къалъагъуу, пщIэ къыхуащIу.

Ди адэ-анэр псэуэгъу щызэхуэхъуам къыщыщIэдзауэ, ди адэр дунейм къыщытехьа махуэу а тIум зэдагъэлъапIэу къадекIуэкIар совет цIыхубэм Хэку Зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къыщихьа накъыгъэм и 9-рат, езыр къыщалъхуар шыщхьэуIум и 18-р арами. А тIур апхуэдэу зэгурыIуат, ди адэм и лъэIукIэ. Дэри, я бынхэри Iыхьлыхэри, абы дытрагъэхьауэ, ахэр зэрыс лъапсэм накъыгъэм и 9-м дыщызэрихьэлIэжырт.

Дыкъэзылъхуахэм я жьауэм дыщIэмытыжми, ахэр сыт щыгъуи гукIэ тщIыгъущ, абыхэм дызыщIапIыкIа хабзэм дытету дызэрыпсэуным яужь дитщ. Ди адэр сыт щыгъуи щIэхъуэпсырт игъэва зауэ гущIэгъуншэм хуэдэ зэи къэмыхъужыным, цIыхухэр мамыру, зэгурыIуэу зэдэпсэуным. Дэри ди бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхухэр хэкупсэу, я лъахэр фIыуэ ялъагъуу дгъэсащ, - жиIат Нэфисэт.

Апхуэдэ лъэужь дахэ къигъэнащ Хэку зауэшхуэми лэжьыгъэми я ветерану Алътуд къуажэм дэса, 1994 гъэм дунейм ехыжа Нэгъуей Хьэчим НэIиб и къуэм.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

**● УФСБ-м къет**

## Дэфтэр нэпцIыр къагъэсэбэпри

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, Финанс мониторингымкIэ КИФЩI-м щыIэ федеральнэ къулыкъум и щIыналъэ управленэм я лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ коммерческэ IуэхущIапIэм и унафэщIым зэрихьэ хабзэншагъэр.**

А ХЬЭРЫЧЭТЫЩIЭМ, 2020 - 2023 гъэхэм къриубыдэу КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм дэф-тэр нэпцIхэр щIилъхьащ лэжьыгъэм тригъэкIуэдам щыщ Iыхьэр къаIихыжын мурадкIэ. Абы къриkIуащ сом мелуан 71-м щIигъу хэщIыныгъэ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.



**● Банк Iуэхухэр**

## МэкъумэшыщIэхэм защIегъакъуэ

**Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм щIамыдзэ щIыкIэ «Урысеймэкъумэшбанкым» и къудамэу КъБР-м щыIэм республикэм и мэкъумэшыщIэхэм худэчых зыхэт кредиту сом мелуан 236-рэ мы гъэм яритынущ. Абы щыщу сом мелуан 73-м щхьэкIэ лъэIухэр къыIахакIэщ.**

«НЭХЪЫБЭУ гулъытэ зыхуэтщIынур хьэрычэт IэнатIэ мащIэм, курытым хэтхэрщ. Урысей Банкым и ставкэ нэхъыщхьэр щылъагэ мы лъэхъэнэм дэ дыхущIокъу ди мэкъумэшыщIэхэм зэрыхъукIэ защIэдгъэкъуэну, зыпэрыт IэнатIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ дадэIэпыкъуну, я лэжьыгъэхэр ядэдгъэпсынщIэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрми ди къэралми я экономикэхэм зауэжьыным и шэсыпIэщ худэчых зыхэт кредитхэр щIыпIэ АПК-хэм етыныр», - жиIащ «Урысеймэкъумэшбанкым» и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Сокъур Алим.

2024 гъэм Банкым и щIыналъэ къудамэм республикэм и мэкъумэш IэнатIэм щIыхуэу сом мелуан 983-рэ иритащ, абы щыщу сом мелуан 280-р худэчых зыхэт кредитхэм хуэдэу. 2023 гъэм щыIа бжыгъэхэм епгъапщэмэ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, процент 36-кIэ, 20-кIэ абыхэм хэхъуащ. Зэрыхудачых хабзэм тету кредиту сом мелаун 305-рэ нэгъабэ щIыхуэу итащ губгъуэ лэжьыгъэхэр иризэфIагъэкIын папщIэ.

Апхуэдэуи Банкым и щIыналъэ къудамэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ «Налшык и жыг хадэхэр» IуэхущIапIэм и инвестицэ пэхуэщIэшхуэ 2024 гъэм ирагъэжьащ. Ар хуэунэтIащ зэуэ пхъэщхьэмыщхьэ тонн 5300-рэ зыщIэхуэ хъумапIэ ухуэным. Абы ахъшэу хуаутIыпщынум и процент 75-р «Урысеймэкъумэшбанкым» ейщ.

ХъумапIэр лажьэу ирагъэжьэну я мурадщ мы гъэм и япэ мазищым къриубыдэу. Иджыпсту лэжьыгъэм и процент 97-р зэфIэкIащ. Пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэр здэщыIэр Шэджэм щIыналъэрщ икIи ар лажьэу ирагъэжьа нэужь цIыху 30-м щIигъум лэжьапIэ иратыфынущ.

Къыхэдгъэщынщи, «Налшык и жыг хадэхэр» IуэхущIапIэмрэ «Урысеймэкъумэшбанкымрэ» зэдэлэжьэн щIадзащ 2019 - 2020 гъэхэм. ИкIи абы щыгъуэ жыг хадэщIэ ягъэтIысащ - жыгыщIэ 546210-рэ гектари 150-м хагъэзэгъащ. Пхъэщхьэмыщхьэ къехьэлIэжыгъуэм деж илъэс къэс цIыху 250-м нэблагъэ лэжьыгъэкIэ абы къыщызэрагъэпэщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### Гулъытэшхуэ хуащI

**Урысей Федерацэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Котовэ Евгение анагъэмрэ сабиигъуэмрэ теухуа форумым щыжиIащ ди къэралым сабийхэм я узыншагъэм гулъытэшхуэ зэрыщыхуащIыр. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, а Iуэхум хуэунэтIауэ щыIэ программэхэр жыджэру мэлажьэ.**

«ПРОФИЛАКТИКЭ кIэлъыплъыныгъэхэр процент 98-кIэ ягъэзэщIащ. Ар ехъулIэныгъэфI дыдэщ. Сабийхэм япкърыт узыфэхэр къэхутэным хуэунэтIауэ Урысейм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэр къыпхуэмылъытэнщ, уеблэмэ нэгъуэщI зы къэралми апхуэдэ зэфIэкI яIэкъым. КIэлъыплъыныгъэ ирагъэкIуэкIахэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ди сабийхэм я процент 85-р узыншэщ», - жиIащ Котовэ Евгение.

Абы жиIащ адрей сабийхэм, узыфэ гъэтIылъа зиIэу къахутахэм, я узыншагъэм кIэлъыплъыным епха Iуэхухэр зэрыхъукIэ нэхъ тынш зэрыщащIыным и хэкIыпIэхэр зэрыубзыхупхъэр. Котовэ Евгение къызэрилъытэмкIэ, еджапIэхэм щыIэ медицинэ IэнатIэм зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, абы ипкъ иткIэ узыфэ зэхуэмыдэхэр и чэзум нэхъ тыншу къэхута хъунущ.

### Зэкъуэш зэхущытыкIэхэр

**Дзэ Iуэху хэхам хэту уIэгъэ хъуа урысей зауэлIхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж Корее Ищхъэрэм и санаторэхэмрэ сымаджэщхэмрэ. Апхуэдэ хъыбарыр УФ-м и лIыкIуэу КНДР-м щыIэ Мацегорэ Александр «Российская газета»-м и журналистым ирита интервью къыхощ.**

«ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм Корее Ищхъэрэм Урысейм къыхуиIэ щытыкIэр хэпщIыкIыу ефIэкIуащ. Дэнэ дымыкIуами, гуфIэжу къытIуощIэ, урысыбзэкIэ къыдэпсэлъэну хэтщ, зэрыхъукIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуну хущIокъу. Апхуэдэ зэкъуэшыгъэ зэхущытыкIэм и щыхьэтщ дзэ Iуэху хэхам уIэгъэ щыхъуа зауэлIхэм къыхуащIа гулъытэр», - жиIащ Мацегорэ Александр.

Апхуэдэу дипломатым къыхигъэщащ 2024 гъэм и гъэмахуэм дзэ Iуэху хэхам хэту лIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу хэкIуэдахэм я бынхэм Япон хым пэгъунэгъуу щыIэ, узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж «Сондовон» центрым пщIэншэу зыщагъэпсэхуауэ зэрыщытар. Уеблэмэ абы пэкIуэ уасэм и Iыхьэ гуэр Урысейм щыхуигъэлъагъуэм, Корее Ищхъэрэм ар и жагъуэ зэрыхъуар къригъэщIащ.

**Мазаем и 13, *махуэку***

♦ **Радиом и дунейпсо махуэщ**

♦ **1908 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей АССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу 1951 - 1957 гъэхэм щыта **Лъостэн Чэлимэт**.

♦ **1945 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъыдэ Валерэ**.

♦ **1954 гъэм** къалъхуащ Израилым щыпсэу жылагъуэ лэжьакIуэ, дзэ къулыкъущIэу, Рихьэние къуажэм щыIэ Адыгэ музейм и унафэщIу щыта **Хъун ЩэукъуиЙ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 5, жэщым щIыIэр градуси 2 - 0 щыхъунущ.

**Мазаем и 14, *мэрем***

♦ **ЗэгуэкIуахэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, 1997 - 2000 гъэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Акъбащ Борис**.

♦ **1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, политик **Атэлыкъ Анатолэ**.

♦ **1954 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Батыр Умар**.

♦ **1966 гъэм** къалъхуащ «Советская молодежь» газетым жэуап зыхь и секретарь, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Къардэн Маринэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 5, жэщым щIыIэр градуси 2 - 0 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

## Ерэхъурэ хъунрэ щыIэу уи ней къысщыхуэ.

КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и инженер нэхъыщхьэ **Бицу Залым Альберт и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Бицу Аслъэн Альберт и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# «Мывэхэмрэ удз гъэгъахэмрэ»

● ЗэIущIэхэр

**Налшык модель библиотекэ №10-м щекIуэкIащ Кавказым и тхакIуэхэм ящыщхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Камни и цветы» альманахыр дунейм къызэрытехьам теухуа зэIущIэ. Ар зэхигъэуващ, къыдэгъэкIыным хуигъэхьэзыращ дагъыстэн тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, литературэ критик, Кавказым ис тхакIуэхэм я литературэ клубым и унафэщI «Золотое перо России» саугъэтым и лауреат Муслимовэ Миясат. Тхылъыр Дагъыстэным и Iэтащхьэм и гранткIэ Мэхъэчкъалэ 2024 гъэм къыщыдэкIащ. Абы ихуащ ди республикэм и тхакIуэхэм ящыщ зыбжанэм жанр зэхуэмыдэхэмкIэ гъэпса я IэдакъэщIэкIхэри. Мыр клубыр къызэрыунэхурэ дунейм къытригъэхьа ещанэ тхылъщ, тхакIуэ, усакIуэ 99-рэ къызэщIаубыдащ. 2015 гъэм Налшык къыщыдэкIащ «Под тенью чинары» япэ антологиер. 2019 гъэм Грознэ къалэм дунейм къыщытехьащ «Предчувствие» фIэщыгъэр зиIэр.**



МУСЛИМОВЭ Миясат тепсэлъыхьащ литературэ клубыр зытет мардэхэм, гулъытэ зыхуащIхэм, къалэну зыхуагъэувыжхэм.

- Щэнхабзэ, литературэ я лъэныкъуэкIэ Кавказыр нэхъри зэкъуэувэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къалэнышхуэ егъэзащIэ. Нобэ ди клубым хэтщ тхакIуэ, усакIуэ 140-м нэс. Абы холэжьыхь тхакIуэ нэхъыжьхэри, нэхъ щIалэIуэхэм ящыщхэри. Къалэн нэхъыщхьэу дэ зыхуэдгъэувыжыр бжыгъэкIэ дыкуэдыныркъым, атIэ клубым тхакIуэ нэсхэр, ипэжыпIэкIэ зэфIэкI зиIэхэр къетшэлIэнырщ. Сыту жыпIэмэ, дэ Кавказ псом я литературэр дгъэлъагъуэу утыку дыкъохьэ. Клубыр къызэрыунэхурэ Кавказым щыпсэухэм едгъэцIыхуащ зи унэцIэ зэхамыхыхха тхакIуэхэр, тхыгъэ купщIафIэхэр. Тхэн щIэзыдзагъащIэ ныбжьыщIэхэм дащогуфIыкI. Iэмал имыIэу щыткъым абыхэм зэуэ сыткIи зэпэща тхыгъэхэр къызыкъуамыхынкIи. АтIэ мис апхуэдэхэми я зэфIэкIым хагъэхъуэнымкIэ, тхэным и хабзэ нэхъыщхьэхэр къащIэнымкIэ сэбэп дахуэхъуну ди гуапэщ, - жиIащ Муслимовэм.

- ТхакIуэм е усакIуэм фIыуэ къыгурыIуэу щытын хуейщ ар цIыху куэдым я цIэкIэ тхылъымпIэ напэм «зэрыщыпсалъэр», атIэ ар жэуаплыныгъэ инщ. Литературэм идэнукъым зэчииншэр - зыкIэригъэхужынущ. Девгъэгупсысыт: ди щIэджыкIакIуэхэм куэду яхэту къыщIэкIынущ егъэлеяуэ зыхэщIэшхуэ зиIэхэр, ауэ а зыхэщIэр къалэмкIэ къэзымыгъэлъэгъуэфхэр. Мис апхуэдэхэм дэ я гум дыкъипсэлъыкIын хуейщ, а къалэныр ди пщэ дэтлъхьэжащи. Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейт. Дэ дыщопсэу ахъшэкIэ Iуэху куэд «щызэфIахыф» лъэхъэнэм. Ар, дауи, литературэми къыжьэхоуэ. Зи тхыгъэхэр литературэм хэувэну зыхуэмыфащэхэми Iэмал яIэщ я тхылъ мыхьэнэншэхэр пщIэкIэ къыдагъэкIыну. Куэдри къохъу ипэжыпIэкIэ зэчий зыбгъэдэлъхэр гулъытэншэ щыхъуи. Абы иIэнкIэ хъунущ щхьэусыгъуэ зыбжанэ: е утыкум ихьэну фIэфIкъым, е зигъэлъэгъуэну и дзэ мэш, е гу къылъатэркъым. Сэ сыт щыгъуи жызоIэ: зэчий зиIэхэр къэтлъыхъуэн, сэбэп дахуэхъун, гъуэгу тедгъэувэн хуейщ. Мы тхылъым и пэщIэдзэм деж къыщыхьащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, клубыр къызэрыунэхурэ куэду хэлэжьыхь ХьэкIуащэ Мадинэ и псалъи: «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм зэхущытыкIэ гуапэ яIэным, Урысейр псоми ди зэхуэдэ унэу щытыным папщIэ щыIэ къалэнхэм ящыщ мащIэ дэри ди пщэ дэтлъхьэжыну къыттохуэ» псалъэхэр.

Тхылъым фIэщыгъэ хуащIам щытепсэлъыхьым, Муслимовэ Миясат къыхигъэщащ ари Кавказым епхьэлIэ зэрыхъунур. Мывэм Кавказым и лIы нэсхэм я шыфэлIыфэр къигъэлъагъуэ хуэдэщ. Удз гъэгъар гумрэ псэмрэ нэхъ тещIыхьауэ къагъэсэбэпащ. Бзылъхугъэм и псэм и махагъэр къегъэлъагъуэ гъэгъам и образым.

- Удз гъэгъар мывэ къырым тыншу къыщыкIыркъым. Дапхуэдиз жьы, хьэуа, псы, дыгъэпс хуей хъурэ ар къырыр къыпхитхъыу къэгъэгъэн папщIэ! Мис апхуэдэ дыдэу, тхакIуэм и художественнэ псалъэр ипсыхьын хуейщ, - жиIащ къэпсалъэм.

Миясат къыхигъэщащ Кавказым ис тхакIуэхэр, литературэ лэжьакIуэхэр зэпызыщIэ сайти я клубым зэригъэлажьэр. Абы ит тхакIуэ-усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм ящыщ абдеж къыщыгъэлъэгъуащ, «подстрочнэ» жыхуаIэм хуэдэу урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ. Абыхэм езыхэр е нэгъуэщI къеджэу аудиомакъ ящIыгъущ. Аудиомакъыр усэр е тхыгъэ пычыгъуэр зэрытха бзэмкIэ итщ. Сайтым и лэжьэкIэм кIэлъыплъ, абы къихьэ зэдзэкIакIуэхэм зы тхыгъэ гуэрым елэжьыну гупыж ящIмэ, аудиомакъыр пегъанэри, тхыгъэр зэрытха бзэм и IукIэр зыхищIэу йодаIуэ.

- Ар сэбэпщ тхыгъэм и гъэпсыкIэр зэдзэкIакIуэм къыгурыIуэнымкIэ, - жиIащ Муслимовэм.

Кавказым и тхакIуэхэм я клубыр къызэрыунэхурэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу абы хэтхэм ящыщщ ХьэкIуащэ Мадинэ. Абы итха «Дорога домой» романым щыщ пычыгъуэ итщ зи гугъу тщIы альманахым.

- Литературэр жьы къабзэ хуэныкъуэщ зэпымыууэ. Ар гъунапкъэ куэдым ихьэн, гъуэгуанэшхуэ зэпиупщIын хуейщ. ЩIыпIэ гъунапкъэм и закъуэкъым зи гугъу сщIыр, атIэ абы хеубыдэ бзэри, зэхэщIыкIри, белджылы къэщIын хуей Iуэхугъуэ мыгурыIуэгъуэхэри. Ар къэплъытэмэ, нобэ дызытепсэлъыхь тхылъыр икъукIэ щхьэпэщ. Художественнэ псалъэм дызэпищIэн хуейуэ къызолъытэ, - жеIэ ХьэкIуащэ Мадинэ. Ар нэхъ пыухыкIауэ къытеувыIащ ди республикэм урысыбзэкIэ тхауэ къыщыдэкI литературэм и Iуэху зытетым.

- ЩIэныгъэр щыхьэт тохъуэ бзэ нэхъыбэ пщIэхукIэ акъылыр нэхъ хуабжьу зэрылажьэм. Кавказым ис лъэпкъхэм къахэкIауэ урысыбзэкIэ зи IэдакъэщIэкIхэр зыгъэпс тхакIуэхэм къагъэлъэгъуащ а бзэр и купщIэм нэсу зэрызыхащIэфыр. Сэ си гугъэкъым, псалъэм папщIэ, урысыбзэкIэ тхэ адыгэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я зэран адыгэбзэкIэ тхэхэм ирагъэкIыу. ТхакIуэм и фIагъыр ар зэрылажьэ бзэм къигъэлъагъуэуи схужыIэнукъым. УрысыбзэкIэ тхэ адыгэ, балъкъэр тхакIуэхэм яхэтщ зэчиифIэхэр: Емкъуж Мухьэмэд, Мэкъуауэ Амир, Куэшбей Джамболэт, Мамыш Владимир сымэ, нэгъуэщIхэри. Сэ тхылъ щхьэхуэ тезухащ балъкъэр тхакIуэ гъэщIэгъуэн дыдэ Чипчиков Борис и тхыгъэхэм ящIэлъ гупсысэхэм. Уеблэмэ щхьэхуэу дытепсэлъыхьын хуейщ лъэпкъ республикэхэм щыпсэу урыс тхакIуэхэми. Художественнэ бзэ телъыджэ Iурылътэкъэ Смирновэ Наталье! Сыхуейщ мы Iуэхугъуэм иджыри къытедгъазэу дытепсэлъыхьыну, абы зэIущIэ щхьэхуэ хухэтхыну, - жиIащ Мадинэ.

ХьэкIуащэм и псалъэхэм арэзы техъуащ «Урысей радиом» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI, зэдзэкIакIуэ Мэремкъул Ларисэ:

- УрысыбзэкIэ гъэпса художественнэ тхыгъэфIхэр диIэщ. Апхуэдизу купщIафIэу, зэманым пэджэжу, мыхьэнэ яIэу ятха художественнэ тхыгъэхэр ди литературэм хэдмыбжэну гупсысэ щыIэххэн хуейкъым. Щхьэ зыгуэрым еттыпхъэ ди литературэ хъугъуэфIыгъуэм щыщ Iыхьэ? Абыхэм урысыбзэкIэ я гупсысэхэр нэхъ къаIуэтэф. Дауи, ддэнут апхуэдэ дыдэу адыгэбзэкIэ тха IэдакъэщIэкIхэмкIи дагъэгуфIами. Ауэ щыхъукIэ, урысыбзэращ нэхъ ягъэшэрыуэр. АтIэ ар щхьэусыгъуэ пщIы хъурэ лъэпкъ литературэм хыумылъытэнымкIэ? Хъунукъым, - жиIащ Ларисэ.

ЗэIущIэм хэтахэм ягъэбелджылащ адэкIэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэр, нэхъыбэу гулъытэ зыхуащIынухэр.

**ГЪУЭТ Синэ.**



● ЩIэныгъэ

# НыбжьыщIэхэр дихьэхыу

**Мазаем и 3 - 7-хэм Каменномост (Къармэхьэблэ) курыт еджапIэ №2-м щекIуэкIащ щIэныгъэм и тхьэмахуэ. ЕгъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ папщIэ ар гъэщIэгъуэнрэ купщIафIэу къызэрагъэпэщащ.**

ЩIЭНЫГЪЭМ и тхьэмахуэр щхьэусыгъуэфI хъуащ дерсхэр нэхъри щIэщыгъуэу, къэхутэныгъэхэр хэту егъэкIуэкIыным, зэфIэкI зиIэ сабийхэм зыкъызыкъуегъэхыным теухуауэ. Курыт еджапIэм а махуэр щекIуэкIащ «ЩIэныгъэр къарущ» къыхуеджэныгъэм щIэту. 1 - 11-нэ классхэм дерс зэIухахэр щатащ. ЕджакIуэхэм щIэщыгъуэ куэд къащIащ республикэм и щIэныгъэлIхэм, тхыдэджхэм, тхакIуэ-усакIуэхэм ятеухуауэ. Iыхьэ щхьэхуэ хухахащ къуажэм и пщIэр зыIэта цIыху щэджащэхэм ятеухуа тхыгъэхэр гъэхьэзырыным. Абыхэм куэду яхэтщ етIуанэ курыт еджапIэр къэзыухахэри. ГъэщIэгъуэну екIуэкIащ «КъэхутакIуэ нэхъыфI» зэпеуэр, «ДжэгукIэхэмкIэ щIэныгъэм дыхуокIуэ», «Таурыхъхэм я дунейм», «Грамматикэ нэжэгужэ», «Псэущхьэхэм я дунейр» дерс зэIухахэр. Класс къэс ягъэхьэзыращ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм ятеухуа блын газетхэр.

ЕгъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ ягури я псэри етауэ бгъэдыхьащ щIэныгъэм и тхьэмахуэр щIэщыгъуэу къызэгъэпэщыным. ЩIэныгъэм и дунейр зэрыкъулейр, абы куэдрэ узыгъэпIейтей упщIэхэм я жэуапхэр къызэрыщыбгъуэтыфыр, еджэнымрэ къэхутэнымрэ я гъуэгур зэрыбгъуфIэр хьэкъыу я фIэщ хъуащ еджакIуэхэм.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● ЩIэ



**Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым лэжьыгъэщIэ утыку къыщрахьащ. «И жизнь, и слёзы, и любовь» зи фIэщыгъэ спектаклыр игъэуващ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Толстовэ Евгение.**

# ГъащIэри, нэпсри, лъагъуныгъэри

ЛЭЖЬЫГЪЭР гъэщIэгъуэну зэрызэхэгъэувар я нэгу щIэкIащ премьерэм зрезыгъэхьэлIахэм. НовеллитI лъабжьэ хуэхъуащ спектаклым - Лермонтов Михаил и «Герой нашего времени» романым и «Бэла» Iыхьэмрэ Пушкин Александр и «Барышня-крестьянка»-мрэ. Япэ Iыхьэр классикэ драмэщ, шэрджэс бзылъхугъэ цIыкIу Белэрэ урыс офицер Печоринымрэ я лъагъуныгъэр къыщыгъэлъэгъуащ, Печориным и гъусэу къулыкъу зыщIэ Максим Максимыч штабс-капитаным къиIуэтэжу. Уи нэгу щIокI адыгэ къуажэм и гъащIэм щыщ теплъэгъуэхэр, лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я зэхущытыкIэ мытыншыр, абы къыщыхъу Iуэхугъуэхэр псори зригъэуIуж щIыкIэщ и кIэм деж хъыджэбзыр гуузу зэрылIэм. Роль нэхъыщхьэхэр ягъэзэщIащ Мысостышхуэ Аслъэнбэч, Жыкъуэ Аскэр, Къущхьэ ФатIимэ, Догополов Станислав, Болэ Лилие сымэ.

Классикэм къыхэкIа театр-еплъхэр бэлыхь хэхуат Пушкиным и «Барышня-крестьянка»-м щыщIидзам. АрщхьэкIэ гушыIэр къызэбэкI тхыгъэм псынщIэу хэша хъуащ ахэр. Япэ Iыхьэри етIуанэри Толстовэм зэрызэпищIа Iэмал гъэщIэгъуэнхэм ящыщт хужьрэ фIыцIэрэ фIэкIа нэгъуэщI плъыфэ утыкум зэрыщумылъагъур, артистхэри зэрыхуэпар апхуэдэут. Пушкиным и сценэ образхэр, пэжыгъэ ин хэлъу, къагъэлъэгъуащ артистхэу Ораков Замир, Мыз Iэубэчыр, Нэгъуей Заур, Толстовэ Марие, Сторожевэ Анастасие, Белобородовэ Аллэ, Хъупэ Марьянэ, Дорогов Рустам, Къаныкъуей Залинэ сымэ.

Урыс драмэ театрым и лэжьыгъэхэм увыпIэфI зэрыщиубыдынум шэч хэлъкъым спектаклым. Абы еплъахэр арэзыуэ зэбгрыкIыжащ, гуауэмрэ гуапэмрэ я зэпылъыпIэр IэкIуэлъакIуэу къэгъэлъэгъуа зэрыхъуам тепсэлъыхьыжу, куэд щIауэ дызыщыгъуазэ хъыбархэм нэгъуэщIынэкIэ еплъарэ абы зэщIиIыгъэу.

**БЛИЙ Даянэ.**
*Сурэтыр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*



# Афганистаным щыхэкIуэдахэм я щIыхькIэ

**Афганистаным советыдзэр къызэрырашыжрэ илъэс 36-рэ, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъур гъэлъэпIэным хуагъэпса зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкIащ Афганистаным щекIуэкIа зэпэщIэтыныгъэмрэ дзэ Iуэху хэхамрэ я ветеранхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ республикэм Дзэ IэпщэрыбанэспортымкIэ и федерацэмрэ.**

ЗЭПЕУЭР къызэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэр, дзэ зэпэщIэувэныгъэхэм ныкъуэдыкъуагъэ хэзыхахэм, ветеранхэм я «ВоИн» урысейпсо зэгухьэныгъэм, «Урысей зэкъуэт» партым я щIыналъэ къудамэхэр.

Налшык къалэм и «Налшык» спорт комплексым щызэхэта зэхьэзэхуэр къыщызэIуихым КъБР-м и Парламентым и депутат Тхьэгъэлэдж Тимур спортсменхэм захуигъэзащ: «Нобэрей зэхьэзэхуэр фи щэнымрэ къарумрэ хэвгъэхъуэным и зы дэкIуеипIэщ. Сыхуейщ зауэр зэи фи нэгу щIэмыкIыну, ар зищIысри къэвмыщIэну. Ауэ Хэкур хъумэным фи къарукIи фи псэкIи сыт щыгъуи фыхуэхьэзыру фыщытыныр мардэщ».

КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур къыхигъэщащ зэхьэзэхуэр дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ Афганистаным дзэ къалэнхэр щагъэзащIэу хэкIуэдахэмрэ я щIыхькIэ зэрызэхашэр. Абы къыдэкIуэу, а спорт лIэужьыгъуэмкIэ нэхъ лъэщхэр къэгъэнэIуэным, республикэм и командэ къыхэхам хэтынухэр яубзыхуным ар зэрыхуэунэтIари жиIащ.

ЩIыналъэ зэпеуэм хэтащ спортсмен 200-м нэблагъэ, гупищу гуэшауэ. Ахэр щIэбэнащ медаль комплекту 23-м. Абыхэм щытекIуахэмрэ етIуанэ-ещанэ увыпIэхэр къыщызыхьахэмрэ медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр иратащ. Абы нэмыщI, гуп къэс спортсмен нэхъ лъэщу къыщалъытахэм саугъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ.

Апхуэдэуи «ВоИн» зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъ иратащ КъБР-м Дзэ IэпщэрыбанэспортымкIэ и федерацэм и унафэщI Шэрджэс Заурбэч.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

● Дызэкъуэту

# ЛIыгъэм и дерс

**Урысей гвардием и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ, полицэм и полковникыу лэжьыгъэм пэрыкIыжа Хужьокъуэ Руслан Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым хиубыдэу, Налшык дэт курыт еджапIэ №18-м ЛIыгъэм и дерс щригъэкIуэкIащ. Ар теухуат я къалэныр ягъэзащIэу нэгъуэщI къэралхэм щыхэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъ махуэм.**

- ИЛЪЭС къэс мазаем и 15-м Урысейм щокIуэкI 1989 гъэм Афганистаным советыдзэхэр къыщрашыжам, Афган зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм ехьэлIа Iуэхухэр. 2011 гъэ лъандэрэ ар я фэеплъ махуэщ я къалэныр нэгъуэщI къэралхэм щрахьэкIыу хэкIуэдахэм, - жиIащ Хужьокъуэм.



ШколакIуэхэм ветераным фIыщIэ хуащIащ псалъэмакъ щхьэпэм папщIэ икIи жаIащ дяпэкIи зэхуэзэну зэрыщыгугъыр.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

**Адыгэхэм я Хэкужьым ущрохьэлIэ Хобза - Кобза - Хъуэпсы - Хъуэбзы - Кхъуэпсы фIэщыгъэхэр зезыхьэ псыежэх зыбжанэм.**

# «Кхъуэ-псы» хьэмэрэ «Хъуэ-псы»?

АБЫХЭМ ящыщу мызыгъуэгукIэ зи гугъу тщIынур хы ФIыцIэм хэлъэдэжращи, абы и псыIур Сочэ къалэ ищхъэрэкъуухьэпIэмкIэ километр 19-кIэ «пыIухащ». Хобза цIэр зэрехьэ абдежым къыщызэрагъэпэща зыгъэпсэхупIэми.

ФIэщыгъэм ехьэлIауэ Iуэху еплъыкIэ зыбжанэ щыIэщ. Абыхэм ящыщу нэхъ трагъакIуэр ар убыхыбзэм къызэрытехъукIарщ.

«Хъуэ» псалъэм аптIэхъуэхэм (адыгэхэр убыххэм апхуэдэуи еджэрт) я бзэкIэ къикIыр дэ, адыгэхэм, «кхъуэ» жыхуэтIэ псэущхьэрщ. «Бзы» пычыгъуэр зыхуэтхь хъуну а Iуэху еплъыкIэм тезыгъащIэхэм къалъытэр дэ, адыгэхэм, «псы» жыхуэтIэрщ. Аращи, Хобза - Хъуэбзы - Кхъуэпсы. Ауэ щыхъукIи, «кхъуэпс» мыхьэнэращ фIэщыгъэр зэрыщыту зыхуэкIуэжыр. Хэт ищIэрэ, а цIэр мэзыпс цIыкIум щыкIэрыпщIа лъэхъэнэхэм и Iэхэлъахэр кхъуэ пIащэ тIысыпIэу щытагъэнущ.

Мыдрейуэ. КIуэкIуэ Жэмалдин «Адыгская (Черкесская) топонимия» и тхылъым зэритымкIэ, шапсыгъхэм «хъуэ» щыжаIэкIэ зэгупсысыр дэ, мыдрей адыгэхэм, «хъуэ - псэгъуэ», «хъуэ - псэн» псалъэ зэхэтым и япэ Iыхьэм къидгъэкIыу щытам лъабжьэ хуэхъуарщ. КъризэщIэткъуэжу а бгъэдыхьэкIэм дытехьэмэ, «хъуэ-псы»-м къикIыр «псы хъуэпсэгъуэ», «псы дахэ» жыхуэтIэрщ.

Урысей пащтыхьым и дзэпщ, куэдрэ зи цIэр зэхэтха Вельяминов Алексей деж 1834 гъэм къыщыщIэдзауэ дипломат къулыкъур щезыхьэкIа, адыгэхэмрэ абазэхэмрэ я бзэм теухуауэ тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр къызэзынэкIа этнограф Люлье Леонтий зи гугъу тщIы псым и цIэр зэритхыу щытар «Зюебзе» (Жабзэ) жиIэущ.



1854 - 1921 гъэхэм псэуа урыс агроном-къэхутакIуэ Доровaтовский Сергей 1911 гъэм зэхигъэува и картэм псыр зэрыщыхигъэунэхукIар «Жюавзе» (Жьабзэ-?, Жабзэ) фIэщыгъэмкIэщ. АтIэми, иужьреитIыр нэхъ зыхуэкIуэр, зэрынэрылъагъущи, «жабзэ», «къабзэ» псалъэхэм къарыкIырщ.

ЩыIэщ «Хобза» - «Хобзы» фIэщыгъэр хы Iуфэрыс адыгэхэр хы бзум («чайка» жыхуаIэм) зэреджэм хуэзыгъакIуэхэри.

### Тхыдэм щыщщ

Хъуэбзы и тIуащIэм узыщрихьэлIэ иджырей къуажэ цIыкIуэхэр, и лъабжьэмкIэ къыщедгъэжьэнщи, «Нижне-армянская Хобза», «Верхне-армянская Хобза», «Верхне-русская Хобза» жыхуаIэхэращ. Иужьрейр, дэсыж щIагъуи щымыIэу, псыщхьэхэмкIэщ здэщыIэр. Кавказ зауэм и кIэухым хы ФIыцIэм къедза псыхъуащхьэхэр къыщыдагъэкъэбзыкIым, зэрыпхъуакIуэхэр щыгугъагъэнщ, яужь иту къэкIуэнухэр, ягуи я пси щагъэтIылъу, а щIыпIэм изэгъэну.

Ауэ щыхъукIи, илъэси 162-кIэ дызэIэбэкIыжынщи, Хъуэбзы и тIуащIащхьэхэм дэсыгъащ Хъыжьы убых лIакъуэжылагъуэм хыхьэ Хьуцуэ (Уцуа) къуажэшхуэр. Ар здэщытам деж (тхыдэ мыжыжьэм къызэрыхэщыжымкIэ) унагъуибгъу фIэкIа зэрымыгъэхъуа урыс «жылэ» цIыкIур щетIысэхар 1920 гъэр арат. АрщхьэкIэ, ари а щIыпIэм имызагъэу, дэсахэр Щолэхъуей (Солохаул) къуажэм 1982 гъэм кърагъэIэпхъухат. Абы лъандэрэ, зэман куэд дэкIами, тIуащIащхьэ жылэр цIыхуншэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

*Редактор нэхъыщхьэ* **ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:**
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:**
**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.**
**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.**

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**Индексыр П 5894**
**Тиражыр 1.413**
**Заказыр №287**
**12+**

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:**
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариннэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.**

**357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.**